ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालय,
कामेश्वरनगर दरभंगा
पी-एच0डी0 उपाधि हेतु प्रस्तुत
शोध प्रबंधक प्रारूप

विषय : आधुनिक मैथिली साहित्यमे विभा रानीक योगदान

गवेषिका : पार्वती कुमारी

विषय : मैथिली

संकाय : मानविकी

भाषा : मैथिली

शोध निर्देशक : डॉ0 सत्येन्द्र कुमार झा

शोध-निर्देशक
5/4/24
(डॉ0 सत्येन्द्र कुमार झा)
सहायक प्राचार्य,
मैथिली विभाग
चन्द्रधारी मिथिला विज्ञान
महाविद्यालय, दरभंगा

गवेषिका
Parwati Kumari
(पार्वती कुमारी) 05/04/24
पैट 2021-22
पैट क्रमांक-22110058
ई-27, पी.सी. कोलोनी
कंकड़बाग, पटना-800020

शोध प्रारूप

आधुनिक मैथिली साहित्यमे विभा रानीक योगदान

प्रस्तावना:

आधुनिक मैथिली साहित्यक आरंभ चंदा झासँ मानल जाइत अछि आ हिनके द्वारा पहिल बेर मैथिली साहित्यमे समाज संदर्भित विभिन्न पक्ष सभ रचनाक आधार बनल। समयक संग एहिमे उत्तरोत्तर विकास होइत चलि गेल आ रचना सभ मनुष्य आ समाज बाह्य विश्लेषणक संग अंतर विश्लेषण सेहो कयलक। एहि तरहें मैथिली साहित्य अपना रचनामे परिपक्वता आनैत चलि गेल।

एहि क्रममे बीसम शताब्दीमे एकटा ठोस रचनाकारक रूप मे विभा रानीक नाम सेहो सोझाँ अबैत अछि जे अपन वैचारिक परिधि आ तकर सार्थक अभिव्यक्तिक कारणें अपन पहिल कथा "कौआ-हँकनी" (1981) स मैथिली साहित्यमे चर्चित भेलीह। पहिल प्रकाशित कथा थिक। एहि संगे मैथिली साहित्यमे परिचित रचनाकार रूपमे एकटा अपन परिचिति बना लेलनि। निरंतर आगू बढ़ैत हिनक पहिल कथा-संग्रह खोह सँ निकसइत (1995) मे प्रकाशित भेल, दोसर कथा संग्रह -'रहथु साक्षी छठ घाट' आ तेसर कथा संग्रह "जागो नजमा" आयल। एहि तरहें विभा रानीक नाटको मे लेखन क्षमताक बखूबी प्रदर्शन आ उपन्यास एकांकी, एकल नाटक, रंगमंच, कला, फिल्म फोक प्रस्तोता लोक कथाकारक रूप मे मैथिली साहित्यमे अपन योगदान दैत आयल छथि। हिनक उत्कृष्ट लेखनीक कारण हिनका अनेको सम्मान प्राप्त भेलैन। मैथिली आ मिथिलाक उत्कर्ष लेल सदिखन अपन कर्म क्षेत्र मे संघर्षरत छथि।

Parvati Kumari

शोधक आवश्यकता:

आधुनिक मैथिली साहित्यमे विभा रानीक योगदान मे हिनक कृतिक समुचित मूल्यांकन प्रत्यक्ष वा अप्रत्यक्ष रूपें शोध प्रबंध मे स्थापित करब शोधक मुख्य ध्येय अछि। एहि शोधसँ पाठक लोकनिककें हिनकर साहित्य सँ नव दृष्टिएँ परिचिति प्राप्त हेतनि।

महत्त्व:

आधुनिक मैथिली साहित्यमे विभा रानी अपन साहित्य मध्य समाजक अनेक समस्याक चित्रण कयलनि अछि। अपन रचनामे मानवीय पक्ष, सामाजिक आ आर्थिक पक्षकें अपन रचनाक माध्यम सँ समाजक सम्मुख प्रस्तुत कयने छथि।

पूर्व मे कएल गेल शोध विषयक कार्य:

हमरा जनैत ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालय आ अन्य विश्वविद्यालयमे आधुनिक मैथिली साहित्यमे विभा रानीक योगदान पर शोध कार्य नहि भेल अछि। एहि कारणें एहि विषय पर शोध कार्य करबाक निर्णय कयलहुँ अछि।

शोध स्रोत एवं प्रविधि:

आधुनिक मैथिली साहित्यमे विभा रानीक योगदान उल्लेखनीय अछि। शोधक रूप दू प्रकारक होइत अछि-प्राथमिक स्रोत आ द्वितीयक स्रोत। हिनक रचनाक अध्ययनक संगे मैथिली भाषा साहित्यक किछु उत्कृष्ट साहित्यकार आ विद्वान संग वार्ता प्रविधि रहत। हमर मूल शोध प्रबंधमे एहि विषय पर विस्तार सँ चर्चा कयल जायत।

Parwati Kumari
05/01/20

अध्ययन क्षेत्र:

आधुनिक मैथिली साहित्यमे विभा रानीक योगदान कोन तरहेँ भेल अछि ओकर अध्ययनक लेल हम विश्वविद्यालयक लाइब्रेरी, हिनक गाम, कार्य स्थल आ किछु साहित्यकार सँ भेंट करब। हुनका द्वारा रचित मौलिक ग्रंथ, अनुदित पोथी, भूमिका, आलेख, अन्य लेखनक अध्ययन करब आ एहि सभक आधार पर अपन एक निष्कर्षक स्थापना करब।

परिकल्पना:

प्रस्तुत शोध परियोजनाक पूर्व कल्पना ई अछि जे वर्तमान साहित्यकार, साहित्यप्रेमी, काव्य-मर्मज्ञ, छात्र-छात्रा, शिक्षक एवं शोधार्थीक समक्ष विभा रानीक मैथिली रचनासँ साहित्यक क्षेत्र मे कतेक प्रगति भेल तकर विस्तृत जानकारी विवेचनात्मक रूपें प्रस्तुत कयल जाइत आ विवेचना, विश्लेषण एवं मूल्यांकनसँ एहि परिकल्पना कँ जाँचल-परखल जाइत।

प्रस्तावित शोध प्रबंधक संभावित रूप रेखा

प्रथम अध्याय:

लेखिका विभा रानी व्यक्तित्व एवं कृतित्व।

दोसर अध्याय:

विभा रानीक कथाक कथानक चरित्र-चित्रण आ संवाद।

तेसर अध्याय:

विभा रानीक नाटकक कथानक चरित्र चित्रण एवं संवाद।

Parwati Kumari
05/09/24

चारिम अध्याय:

विभा रानीक उपन्यासक कथानक चरित्र-चित्रण एवं संवाद।

पाचम अध्याय:

विभा रानीक कथा साहित्यमे सामाजिक पक्ष।

छठम अध्याय:

विभा रानीक नाट्य साहित्यमे सामाजिक पक्ष।

सातम अध्याय:

विभा रानीक उपन्यास साहित्यमे सामाजिक पक्ष।

आठम अध्याय

विभा रानीक साहित्यमे व्यंग्य चेतना।

परिशिष्टः

(क) उपसंहार

(ख) अधीत ग्रंथक सूची

(ग) सहायक ग्रंथक सूची

(घ) पत्र-पत्रिकाक सूची

अधीत ग्रंथ सूची:

1. रानी विभा, 2021, मदति करु माई, चेतना समिति, विद्यापति भवन, विद्यापति मार्ग, पटना।
2. रानी विभा, 1998, खोहसँ निकसइत, मित्रम प्रिन्टर्स एवं पब्लिशर्स, नयाटोला, धरहारा कोठी, पटना-800004।

Parwati Kumari

3. रानी विभा, 2020, रहथु साक्षी छठ घाट, नवारम्भ मधुबनी: निकट राम-जानकी मंदिर, बिहार-847211, पटना: 63' एम. आई. जी हनुमान नगर।

4. रानी विभा, 2023, जागो नजमा, नवारम्भ, मधुबनी।

5. रानी विभाग, 2022, कनियाँ एक घुँघरुआवाली, अंतिका प्रकाशन, प्रा0लि0, सी-56/यूजी, गाजियाबाद 201005 उ0प्र0।

6. रानी विभा, भाग रौ आ बालचंदा, नाटक, 2009, श्रुति प्रकाशन, नई दिल्ली।

सहायक ग्रंथ सूची:

1. श्रीश, डॉ0 दुर्गा नाथ झा, 1977, मैथिली साहित्यक इतिहास, भारती पुस्तक केन्द्र, दरभंगा।

2. मिश्र, डॉ0 जयकान्त, 1998, मैथिली साहित्यक इतिहास, साहित्य अकादमी, नई दिल्ली।

3. झा, डॉ0 दिनेश कुमार, 1979, मैथिली साहित्यक आलोचनात्मक इतिहास, मैथिली अकादमी, पटना।

4. झा, भीमनाथ, 1985, परिचायिका, भवानी प्रकाशन, मुसल्लहपुर, पटना।

5. सिंह, डॉ0 प्रेम शंकर, 1981, मैथिली नाटकक परिचय, मैथिली अकादमी, पटना।

6. सिंह, डॉ0 प्रेमशंकर, 2006, मैथिली नाटक ओ रंगमंच, मैथिली अकादमी, पटना।

Parwati Kumari

7. झा, सं0 वासुकीनाथ, 1974, मैथिली साहित्यक रूपरेखा, चेतना समिति, पटना।

8. अमर मिश्र, सं0 श्री चन्द्रनाथ, 2008, आधुनिक मैथिली रंगमंच, साहित्य अकादमी, नई दिल्ली।

9. विद्यालंकार, श्रीकान्त ठाकुर एवं झा, डॉ0 इन्द्रकान्त, 1977, पूर्वांचलीय नाटक ओ रंगमंच (द्वितीय भाग) सं0 चेतना समिति, पटना।

10. झा, डॉ0 इंदिरा, 1987, आधुनिक मैथिली नाटक मे चरित्र सृष्टि स्वाति प्रकाशन, पटना।

11. झा, मधुकांत, 2006, आधुनिक मैथिली नाटकः पहिल शताब्दी, सं0 चेतना समिति, पटना।

12. किरण, कांचीनाथ झा, 1998, मैथिली साहित्यक निर्माता, साहित्य प्रकाशन।

13. पाठक अमरेश एवं भारद्वाज मोहन, 1977, कथा संग्रह सं0 मैथिली अकादमी, पटना।

14. झा, पं0 परमेश्वर, 1977, मिथिला तत्व विमर्श, मैथिली अकादमी, पटना।

15. झा, सं0 वासुकीनाथ, 2003, मैथिली कथाक विकास, साहित्य अकादेमी, नई दिल्ली।

16. अविचल सं0 अशोक, 2016, मैथिली उपन्यासक विकास, साहित्य अकादेमी, नई दिल्ली।

Parwati Kumari

17. झा, सं0 देवकांत एवं झा, सं0 दिनेश कुमार, 2006, साहित्य अकादेमी, नई दिल्ली।

पत्र-पत्रिकाक सूची :

1. मैथिलीक विभिन्न पत्र-पत्रिका।
2. मैथिलीक विशिष्ट साहित्यकार लोकनिसँ साक्षात्कार।

शोध-निर्देशक
5/4/24
(डॉ0 सत्येन्द्र कुमार झा)
सहायक प्राचार्य,
मैथिली विभाग
चन्द्रधारी मिथिला विज्ञान
महाविद्यालय, दरभंगा

गवेषिका
Parwati Kumari
(पार्वती कुमारी)
पैट 2021-22
पैट क्रमांक-22110058
ई-27, पी.सी. कोलोनी
कंकड़बाग, पटना-800020

Parwati Kumari